3. Песни Булбуля. Избранные в трех томах. Т.3. -Ташкент: 1977.
4. ЎзР ФА Ўзбек тили, адабиёти ва фольклори институти Фольклор архиви. Инв.№28. Нурмон Абдувой ўғлининг "Орзигул" ("Абдулла копир") достони.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада атоқли халқ бахшиси Нурмон Абдувой ўғлининг ижоди ҳақида сўз боради. У ўзининг ғоят ҳозиржавоблиги ва бадиҳагўйлик иқтидорининг юксаклиги билан алоҳида ажралиб турган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена творчеству известного народного поэта Нурмона Абдувой оглу. Он отличался необыкновенной отзывчивостью и высоким уровнем артистизма.

**SUMMARY**

The article deals with the work of the famous national poet Nurmon Abduvoy oglu. He was distinguished by his extraordinary responsiveness and high level of artistic ability.

## A.ÁBDIEVTIŃ SATIRALÍQ GÚRRIŃLERINIŃ KÓRKEMLIGI

**A.Jaqsılıqova** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch sózlar:** satira, satirik asar, obraz, badiiylik, janr.
**Ключевые слова:** сатира, сатирическое произведение, образ, искусство, жанр.
**Key words:** satire, satirical work, image, art, genre.

Satira arqalı belgili bir xalıqtıń turmıs jaǵdayın, jasaw tárizin, sol dáwirge tán real-turmıslıq waqıyalardı kórkem boyawlar menen sáwlelendirip beriwge boladı. Satıralıq shıǵarmalardıń korkemliginiń biri jeke adam taǵdirindegi kishi kólemli mashqalalardan baslap, pútkil jámiyettegi problemalardı ótkir sınǵa aladı.

Qaraqalpaq ádebiyatında satiranı tereń izertlep, házirgi ádebiy processte satiralıq shıǵarmalardıń belgili orınǵa iye ekenligin kórsetken ilimpaz Yu.Paxratdinov satira janrı haqqında tómendegishe pikir bildiredi. "Satirada jámiyettegi keri kúshlerge qaratılǵan kúlkiler arqalı unamsız illetlerge óshpenlik oyatıladı. Satira hesh waqıtta progressivlik baǵıtta alǵa ilgerlewshi kúshlerge qarsı kúlkini jumsamaydı. Olardıń negizin túbirin tez tawıp alıp, olar tezden rawjlanıp ketpew ushın háreket etedi. Sol ushın da satiranıń eń baslı ashkaralawshı qurallarınıń biri- kúlki [1:25].

Ózbek ádebiyatında belgili alım Erkin Xudayberdiev: "Satira haqıyqıy satira bolıwı ushın, birinshiden, onıń dóretiwshisi qanday idealǵa súyenip atırǵanlıǵın anıq biliwi lazım, ekinshiden, onıń aytajaq pikiri anıq bolıwı kerek"-dep pikirdi bildiredi [2:317].

Haqiyqatında da, satira- insan xarakterindegi sırlı belgilerdi hár túrli boyawlarǵa sińdirip súwretlewshi janr. Satiralıq shıǵarmalardı dóretiwshi sóz sheberinen gózzal kórkem sheberlik talap etiledi. Sebebi, satira kóbinese turmıstaǵı real haqıyqatlıqlardi jırlawǵa háreket etedi.

Qaraqalpaq ádebiyatında satiralıq prozanıń rawajlanıwında M.Nızanov, O.Ábdiraxmanov, S.Jumaǵulovlar menen bir qatarda Allanazar Ábdievtiń gúrrińleriniń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye. Jazıwshınıń satiralıq gúrrińlerinde jámiyetlik turmıstıń konkret belgili bir waqıyalarında ashshı turmıs shınlıǵı kórkem bayanlanadı.

Sóz sheberiniń "Bekannıń avtomashinaları" dep atalǵan toplamına kiritilgen gúrrińleri satiralıq boyawlar menen boyalıp, obrazlı súwretlengen.

Jazıwshınıń "Siziń de isińiz túser" gúrrińinde turmısımızda ushırasıp otırǵan, óz paydası ushın jaǵımpazlıq etiw, bilimlendiriw tarawındaǵı unamsız kemshilikler ótkir sınǵa alınadı. Gúrrińde muǵallim menen oqıwshı arasındaǵı qısqa diolog, muǵallim xarakterindegi ashshı haqıyqatlıq kúlkili halatta súwretlenedi. Mısalı:

-Ákeńniń atı Eshimbet emes pe, inim?

-Awa, sonday,

-Asxanada baslıq bolıp isley me, ya?-muǵallim janlanıp ketti.

-Awa,-dedi Begdullanıńda júzi jadırap.

Bul balanıń mısalınıń teginge aytılmaǵanın sezbegenimde biziń hayal jumıstan qańbaqtay ushar eken-dá?!-dep ishinen oylanǵan muǵallim, hayalınıń awıstırıp-súyistirip ákeletuǵın mantı, pelmenlerin eslep tamsanıp qoydı.

-Bárekella, bárekella!.. Yaxshı [3:3].

Biz joqarıda kórip ótken mısalda qaharmanıń ersi qılwaları sol ersi halında oqıwshılarǵa tásirli jetkerilgen.

Jazıwshınıń jáne bir kewilge qonımlı dóretpeleriniń biri "Basqa qánigeliktiń diplomın beriń" dep atalǵan gúrrińinde jazıwshı jáne bir márte bilimlendiriw tarawındaǵı kemshiliklerge bet buradı. Oqıw ornında diplom alatuǵın waqtı jetip, imtixan tapsırıwǵa kelgen talabadan oqıtıwshı alǵan bilimleriniń juwmaǵın soraydı. Oqıwshı muǵallim aldında juwap bere almay qaladı. Oqıtıwshı bolsa bul halattan ǵázeplenip oǵan keleshekte isin dawam ettire almasliǵın aytadı. Oqıwshı haqiyqatında da buxgalterlik kásibin iyeley almasılıǵın, bunı úyreniwge waqtı bolmaǵanlıǵın aytıp, basqa qánigeliktiń diplomın soraydı. Oqıtıwshı ózin aqıllı bilip, jumbaqlı máseleniń juwabın kútedi. Oqıwshı bilim alıw ornına jıllar dawamında usınday oqıtıwshılardıń mútájin qandırıp, esiginde jumıs islegenin astarlı sózler menen, oqıtıwshınıń nishterine tiygizip sheber juwap qaytaradı. Mısalı:

…-Hesh kim úyretken joq. Al bıraq úyreniwge májbúr boldım. Sebebi, isle dep, bir jumıstı tapsıradı. Sonnan óziń ushın úyrene beredi ekenseń. Mısalı meniń aǵash ustası bolıwıma kóbirek úlesin qosqan Alım aǵa. Óytkeni, ol basqalarǵa qaraǵanda ustashılıq jumıslarına úyindegi stol, stul, mebellerdi ońlawǵa, sharbaq qurıwǵa kóbirek meni jumısaytuǵın edi. Sonlıqtan, ol kisige minnetdarshılıǵım kóp. Al slesar, mexaniklik kásiplerin meńgergenim ushın Qoraz aǵanıń aldında bas iyemen. Oqıwǵa kirgenimnen usı waqıtqa shekem jeńil mashinası buzılsa, basqaǵa aytpay maǵan ońlatıp, bul kásiptiń sırların tereń úyreniwime janın ayamadı [3:5].

Mine, bul qatarlar jeńil házil menen berilip, ashshı shınlıq búgingi turmıs haqıqatlıǵına negizlenip, ótkir satira menen jetkerilip berilgen. Jazıwshı gúrriń ideyasında búgingi kún jasların tek ǵana bilim alıp, ilim úyreniwge baǵdarlaydı.

Jazıwshınıń jazılǵan gúrrińlerinde ótkir, kúlkili halatlar, real turmıslıq waqıyalar kóplep ushırasadı. Ol qaharmanlarınıń ishki ruwxiy dúnyasın tábiyǵıy halatta jetkerip beriwge háreket etedi. Mısalı, avtordıń "Bekannıń avtomashinaları" gúrrińinde baylıq jolında júrgen turmısımızdaǵı ayrım hayal-qızlarımızdıń unamsız xarakteri ashkaralanadı.

Shıǵarma mazmunında kewli pák, hadal jigit Bekannıń sadalıǵı, bul sadalıqtan paydalanaman dep óziniń taslaǵan torına ózi túsken hiyleker Saranıń obrazı kórkem súwretlengen. Bekan úy haywanların óziniń avtomashinaları sıpatında qarap, olardı joqarı bahalaydı hám olarǵa ózinshe mashinalardıń atların qoyıp aladı. Onı bay shańaraqtıń balası dep oylaǵan Sara onıń turmıs qurıw haqqındaǵı iltimasın birden-aq qabıl etedi. Shıǵarmada Sara obrazı Bekan menen diologı arasında anıq kózge taslanadı. Mısalı:

-Bay turasızba, deymen, ya?

-Baylıq dep, artıp baratırǵan dúnyamız joq: bir "Niva", bir "Jiguli", bir "Volga" mız-aq bar…Bar arttırǵan dúnyamız tek solar, qarındasım.

Saranıń kózleri jaynap ketipti [3:8].

Shıǵarmada jazıwshı Sara obrazı arqalı óz mápi, jaqsı jasaw, ańsatlıq penen baylıq arttırıwdı gózlegen jámiyetimizdegi ayrım hayal-qızlardıń kewilge qonımsız qılwaların kórkem súwretlep beredi.

A.Ábdievtiń hayal-qızlar turmısın súwretlewshi, olardiń jámiyetimiz ushın jat bolǵan unamsız xarakterin satıralıq sıpatlar menen ashıp beriwshi shıǵarmalarınıń biri "Hayalımnıń kúyewınen qarızdarman" shıǵarmasında da bayanlanadı. Gúrriń qaharmanı óz ómirlik joldasınıń aqkókirek, hadallıǵın mensinbey, baylıq jolında barlıq ótmishin umıtıp jan-táni menen mal-dúnyanıń qulına aylanıp ketedi. Shıǵarmada baylıqqa berılıp ózligin umıtqan hayal obrazı tómendegi qatarlarda anıq kózge taslanadı. Mısalı: …Konvertti ashıp qarasam, ishinde olardıń ekewiniń plyajda túsken súwreti bar eken. Onıń artına: "Bizlerdi hesh kim ayıra almaydı!" dep jazıptı. Xatında bolsa, "Seytim, seniń menen aqırǵı tillesiwim. Bizler óz baxtımızdı taptıq. Mángilikke qol beristik. Hár kim de óz ómiriniń baxıtlı, shadlı ótkenin qáleytuǵın shıǵar….Bizler bul jerde bir ay bolıp, Nókiske baramız. Soń toy beremız. Saǵan xat jazǵandaǵı aytayın degenim, Palımbetten alǵan qarızlarıńdı bizler baraman degenshe tayarlap qoy, qaydan tapsań da" depti [3:13]. Avtor shıǵarmada shańaraq máselesi, er adamnıń hayal adam aldında mártebesi bálent bolıw kerekligin sóz etedi.

Jámiyette óz mápin oylaw, mútájligin qandırıw ushın hiylekerlik penen basqalardan paydalanıw sıyaqlı ideyalar jazıwshınıń "Tis texniginiń kewilshekligi" gúrrińinde de kórkem bayanlap berilgen. Óziniń jeke jumısı sebeplı lawazımınan paydalanatuǵin ayırım qara niyetli insanlardiń xarakteri ótkir sınǵa alınadı. Mısalı:

-Biziń jumıs pa? Qıstawlı ǵoy, bolmasa asıǵaman ba?- dep gibirtiklep atırǵanda tis texniginiń shegir kózleri nawqastıń qolındaǵı "karta"sındaǵı "mamanlıǵı PMK baslıǵı" degen jazıwǵa túsip ketedi.

-Keliń, keliń, otırıń. Asıǵıs bolsam da, yaxshı, endi sizdi kórip jibereyin,-dedi ol dárriw.-Usınday kewilshekligim bar –dá, aqsaqal. Qáne, "kartańızdı" beriń. Him-m, haw, siz PMK da isleysiz be? –dedi jógisirep, orınlıqqa otırıp atırıp… [3:9].

Tis texnigi ózin kewilsheklikke sanap qurılıs materialların pútinlep aladı. Jazıwshi shiǵarma ideyasında kásibinen paydalanıp xalıq mápi emes, óz kúnin oylaytuǵın ayırım kásip iyelerin ótkir sınǵa aladı.

Juwmaqlap aytqanda, óz soqpaǵına iye jazıwshı Allanazar Ábdievtiń satiralıq gúrrińleri ideya-tematikalıq sheńberiniń keńligi, mazmunı jeńil jarasımlı háziller menen qurılǵanlıǵı, kúndelikli turmısımızda bolıp atırǵan waqıylardı satiraǵa jiklep kórkemlep jetkerip beriw sheberligi menen kitap oqıwshısı ushın da, sonday-aq XX ásir qaraqalpaq ádebiyatında da salmaqlı ornı bar dóretiwshi ekenligin kórsetedi.

**Ádebiyatlar**


1. Paxratdinov Yu. Satira ásirler sırlası. –Nókis: "Qaraqalpaqstan", 1994.
2. Xudayberdiev E. Adabiyotshunoslikka kirish.-Tashkent: "Sharq", 2018.
3. Ábdiev A. Bekannıń Avtomashinaları.-Nókıs: "Qaraqalpaqstan", 2008.



**REZYUME**

Maqolada satira janrining óziga xos xussusiyatlari, adib A.Ábdievning "Siziń de isińiz túser", "Basqa qánigeliktiń diplomı", "Bekannıń avtomashinaları", "Tis texniginiń kewilshekligi", "Hayalımnıń kúyewinen qarızdarman" asarlarining ideya-tematik xussusiyatlari badiiyligi órganilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются особенности жанра сатиры, авторские произведения А.Абдиева «Сизиң де исиңиз түсер», «Басқа қәнигеликтиң дипломын бериң», «Беканның автомашиналары», «Тис технигиниң кеўилшеклиги», «Ҳаялымның күйеўинен қарыздарман» исследованы идейно-тематические особенности его произведений.

**SUMMARY**

The article examines the features of the satire genre, the author's works of A. Abdiev "Siziń de isińiz tuser", "Basqa qánigeliktıń diplomın beriń", "Bekannıń avtomashinaları", "Tis texnigin kewilshekligi", "Hayalımnıń kúyewinen qarızdarman" s research features.


## Ҳ.ӨТЕМУРАТОВА ГҮРРИҢЛЕРИНДЕ КӨРКЕМ ШЕБЕРЛИК


**З.К.Ктайбекова –** *филология илимлери бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** ҳикоя, маҳорат, сюжет, характер, персонаж, эпизод, мавзу, ғоя, бадиийлик.

**Ключевые слова**: рассказ, мастерство, сюжет, характер, персонаж, эпизод, тема, идея, художественность.

**Key words**: story, skill, plot, character, character, episode, theme, idea, art.


Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебиятында салмақлы орнына ийе көркем сөз шеберлериниң бири Ҳ.Өтемуратова өзиниң көп санлы прозалық шығармалары менен халыққа кеңнен белгили. Әсиресе, оның «Жигитлер де жылайды», «ХХ әсирдиң рыцары», «Дийўана», «Адамның зәҳәри», «Ҳаялдың кийеси» сыяқлы бир қатар гүрриңлеринде турмыстың ҳәр қыйлы ҳәдийселерин шебер сүўретлеўи менен биргеликте инсан тәғдириниң көп қырлы екенлиги, адамлардың ҳәр қыйлы минез-қулық, характерге ийе болыўы менен бир-биринен өзгешеленип туратуғынлығы сөз етиледи.

«Жазыўшы- өз дәўириниң перзенти, көзи, қулағы, ҳүждaны. Солай екен, ол турмысты сүўретлегенде өз дәўири дәрежесинде болыўы, оның зәрүрликлеринен келип шығыўы тийис», -деп атап өтеди белгили әдебиятшы О.Шарафуддинов [1:159]. Сол айтқандай, Ҳ.Өтемуратова өз дәўириндеги турмыслық ўақыяларды, қаҳарманлар тәғдирин көркем образлы түрде сәўлелендирип бере алған.

Жазыўшының «Жигитлер де жылайды» гүрриңиндеги ўақыялар шығарманың бас қаҳарманы Турымбеттиң әтирапында болып өтеди. Гүрриң Турымбеттиң ҳәмледар келиншегин Нәзигүлден кәўетерленип: «Нәзен, ҳәзир не қылып атырған екен? Анамның ҳәм мениң жоқлығымнан пайдаланып, жуўырып-жортып жумыс ислеп жүрген шығар?!».. деген монологы менен басланады [2].

Гүрриңниң композициясында ўақыялар бир неше эпизодлар арқалы сәўлеленген. Турымбеттиң тәғдири,